


SANT ANDIKAP DEVLOPMANTAL YO

Kèk moun ak andikap devlopmantral resevwa sèvis ak sipò pandan y ap viv nan yon sant ak lòt moun ki gen menm andikap yo. Eta Florida gen de (2) sant: Sunland Center nan Marianna ak Tacachale Center nan Gainesville. Kounye a ap viv nan sant sa o. Anplis, ajans la sèvis moun yo twouve ki enkonpetan pou ale nan tribinal akòz andikap devlopmantral yo. Moun sa yo jwenn sèvis nan sant APD yo ak nan yon sant ki nan Chattahoochee. Apeprè 150 moun ap viv nan sant sa yo.

FASON POU APLIKE POU SÈVIS

Yon moun ki genyen oswa kapab genyen on andikap devlopmantral oswa reprezantan otorize yo kapab aplike pou sèvis lè yo kontakte biwo Ajans pu Moun ak Andikap nan zòn yo a. Tanpri note APD gen yon lis datant men longè pou moun ki resevwa sèvis nan egzansyon Medicaid iBudget Florida a. Sipò ak sèvis pou rezidan Florida ak andikap devlopmantral yo se dola taks ki peye pou yo epi se nan sis biwo lokal APD nan tout eta a yo administre yo.

BIWO LOKAL APD YO



Nap Sèvi Moun Florida

AK ANDIKAP DEVLOPMANTAL YO



4030 Esplanade Way, Suite 380
Tallahassee, FL 32399-0950
1-866-APD CARES (1-866-273-2273)
(850) 488-4257
apdcare.org

01/2017


agency for persons with disabilities
State of Florida



AJANS LA

Ajans pou Andikap Devlopmanal (Agency for Persons with Disabilities, APD) travay nan yon patenarya ak òganizasyon lokal pou soutni moun ki gen andikap devlopmanal yo pou viv, aprann, ak travay nan kominote yo. APD ofri sèvis ak sipò enpòtan pou kliyan ki gen andikap devlopmanal yo pou yo ka reyalize tout potansyèl yo genyen.

AJANS LA SÈVI MOUN AK

- Paralizi serebral
- Sendwòm Down
- Andikap entelektyèl
- Sendwòm Phelan-McDermid
- Sendwòm Prader-Willi
- Fòm otis sevè
- Espina bifida



Ou p ap peye ni yon frè ni yon kopeman pou sèvis ou resevwa nan ajans la.

Se lajan taks federal ak eta ki finanse sèvis yo.

KALIFIKASYON

Yon moun dwe ap viv Florida, gen omwen 3 zan, epi yo te dyagnostike li ak yon andikap devlopmanal li te gen avan 18 tan pou li kapab kalifye pou sèvis APD yo. Timoun ant 3 ak 5 kan ki arisk pou yo dyagnostike ak yon andikap devlopmanal ka jwenn sèvis nan men APD tou.

PWOGRAM YO

Kliyan APD yoka jwenn sèvis nan kominote yo grasa finansman egzanpsyon iBudget Florida a. Gen lòt kliyan ki resevwa asistans san yo pa enskri nan egzanpsyon an. Kèk kliyan APD jwenn sèvis nan de (2) Sant Andikap Devlopmanal. Ajans la ede plis pase 50,000 moun Florida ki gen andikap devlopmanal chak ane.



iBUDGET FLORIDA

APD ofri divès kalite sèvis pou plis pase 33,000 kliyan ki enskri nan egzanpsyon iBudget Florida a. iBudget Florida se fason APD jere egzanpsyon Medicaid Sèvis Pou Andikap Devlopmanal nan Kay ak Kominote a. Kliyan yo ka chwazi, ak asistans kowòdonatè sipò

egzanpsyon yo a, kijan pou yo depanse bidjè anyèl yo a, depi bezwen pou sante ak sekirite yo kouvri. Se yon sistèm ekitab, kliyan an dirije, ak dirab ki bay kliyan yo plis chwa, plis fleksibilite, ak plis kontwòl sou sèvis yo.

PWOGRAM SWEN KLIYAN KONWOLE PLIS (CDC+)

Kèk kliyan kapab chwazi enskri nan pwogram Swen Kliyan Kontwole Plis (Consumer-Directed Care Plus, CDC+) ki pèmèt kliyan yo chwazi pwòp pwofesyonèl swen sante ki pa Medicaid pou bay yo swen. Yo devlope yon plan dacha pou jere bidjè yo pou chak mwa pou satisfè bezwen pou swen alontèm yo. Florida gen pwogram CDC+ ki pi gwo ak pi konplè nan peyi a ak apeprè 2,700 moun ak andikap devlopmanal ki enskri.